

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis 1) struktur carita dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung pilem *Halimun*, 2) sasaran jeung bébédan struktur carita dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung pilem *Halimun*, jeung 3) prosés ékranisasi novel *Sanggeus Halimun Peuray* kana pilem *Halimun*. Data dina ieu panalungtikan mangrupa data nu aya patalina jeung struktur carita, sasaran jeung bébédan struktur carita, ogé prosés ékranisasi tina novel kana pilem. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta 1) tiori struktural dina konsep Robert Stanton, nu ngawengku téma carita jeung fakta carita (galur, tokoh, latar), 2) tiori ékranisasi dina konsép George Blustone, nu ngawengku ayana aspék ngaheureutan, nambahan, jeung robahna variasi. Méthode jeung téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan téh, nyaéta méthode déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif, sedengkeun instrumén nu digunakeunna dina ieu panalungtikan téh kabagi jadi dua nyaéta instrumén pikeun ngumpulkeun data jeung instrumén pikeun ngolah data. Instrumén pikeun ngumpulkeun data nyaéta instrumén céklis buku sumber, sedengkeun instrumén dina ngolah data mangrupa kartu data struktur carita novel jeung pilem, ogé prosés ékranisasina.

Dumasar kana hasil analisis struktur carita novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung pilem *Halimun*, aya sawatra pasualan anu bisa dicindekeun. Nilik kana téma, téma nu aya dina novel jeung pilem téh sarua, nyaéta ngeunaan jatukrami nu nyandiwara antara “Awit” jeung “Inu”. Pait peuheurna kahirupan sanggeus kawin Awit jeung Inu dicaritakeun dina ieu novel, nepi ka maranéhna silih narima jeung teu jadi pipisahan, nu dibalukarkeun ku sababaraha pasualan. Galur nu dipaké dina novel jeung pilem ogé sarua, nyaéta maké galur mérélé. Katitén ogé aya kamekaran dina tahapan galurna, nyaéta tahap *situation*, *generating circumstances*, *rising acton*, *climax*, jeung *denouement*. Nu jadi tokoh utama dina novel jeung pilem sarua, nyaéta Awit jeung Inu. Nu saleuwihna mah ngan saukur jadi tokoh tambahan nu jadi palengkep carita. Nilik kana latarna, ampir sakabéh latar nu aya dina novel divisualisasikeun ku sutradara dina pilemna.

Widya Mega Novani, 2020

ÉKRANISASI NOVEL SANGGEUS HALIMUN PEURAY KARYA AAM AMILIA KANA PILEM HALIMUN  
KARYA SOFIA W.D

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nilik kana sasaruuan jeung bébédaan struktur carita novel jeung pilem, katitén aya sawatara sasaruuan jeung bébédaan dina éta dua karya. Tapi, sacara gurat badag mah, sutradara masih kénéh nyaluyukeun jeung nuturkeun kana naon-naon nu aya dina novel. Saperti dina téma jeung galur, téma jeung galur dina novel jeung pilem téh sarua. Tapi dina galur pilem, aya sawatra bagian carita nu dileungitkeun jeung ditambahan, kitu deui dina tokoh jeung latar. Éta hal dibalukarkeun, sutradara nganggap sababaraha pasualan nu kurang penting, jeung teu pati mangaruhan kana guluyurna carita. Ku kituna, sutradara ngan ngagambarkeun pasualan-pasualan nu dianggap penting, éta hal ogé merhatikeun ayana watesan durasi dina tayangna pilem.

Anapon dina prosés ékranisasina, sanggeus ditalungtik katitén ayana aspék ngaheureutan, nambahan, jeung robah variasi dina galur, tokoh, jeung latar. Ayana prosés ékranisasi téh teu leupas tina kréatifitas sutradara jeung panulis skénario pikeun misualisasikeun carita nu aya dina novel kana pilem. Ayana prosés ékranisasi dina tokoh jeung latar téh kapangaruhan ku ayana prosés ékranisasi dina galur. Upama dina galur ngalaman aspék ngaheureutan, jeung robah variasi. Éta hal tangtuna mangaruhan kana ayana aspék ngaheureutan, nambahan, jeung robah variasi dina tokoh jeung latar nu dicaritakeun dina pilem.

Jadi sabada dipaluruh jeung dianalisis, yén ieu panalungtikan nu medar ngeunaan ékranisasi tina novel kana pilem téh ngalaman parobahan dina prosés ékranisasina. Éta pasualan téh teu leupas tina hasil kréatif sutradara jeung panulis skénario.

## **5.2 Implikasi**

Diciptakeunna pilem adaptasi nyaéta salasihiji wujud parobahan karya sastra, nu tangtuna ngahasilkeun sawatara parobahan jeung bébédaan tina karya nu jadi acuanna. Ku kituna, dina prosés diadaptasina novel kana pilem kudu tetep merhatikeun ma'na carita, nepi ka panongton tetep meunangkeun pamahaman tina inti karyana, nu ngalaman prosés ékranisasi tina média tékstual nu satuluyna dirobah adi média audiovisual.

Hiji panalungtikan tangtuna teu leupas ti nu ngaranna kaonjoyan jeung kahéngkérán. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga kahéngkérán dina sawatara

aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa ka nu kahadéan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran analisis kasusastraan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuhan ngeunaan ékranisasi, utamana dina karya sastra Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran.

### **5.3 Rékoméndasi**

Dumasar kana kacindekkan jeung implikasi nu geus dipedar, kacangking aya sawatara rékoméndasi pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta pikeun panalungtik satuluyna, guru, jeung masarakat umumna pamaca. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar sarta dipiharep bisa nganalisis ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan nu séjénna. Pikeun guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan, tur dijadikeun rujukan atawa tatapakan dina ngaaprésiasi karya sastra. Pikeun umum hususna nu maca, ieu hasil panalungtikan ngeunaan prosés ékranisasi karya sastra kana pilem, bisa dijadikeun alternatif pikeun ngaronjatkeun aprésiasi sastra jeung bisa dijadikeun salasihiji acuan dina upaya ngabandingkeun pilem anu diadaptasi jeung karya aslina. Ku kituna, nu maca jeung nu nongton bisa niténan parobahan jeung bébédaan nu nyangkaruk dina kadua karya éta sacara objéktif.

